



Office for People With Developmental Disabilities

ANDREW M. CUOMO
Gouvènè

THEODORE KASTNER, MD, MS
Komisyonè pa enterim

Chè Paran/Gadyen,

Lekòl segondè se yon moman enteresan pou elèv yo kote yo kòmanse reflechi epi planifye avni yo. Kòm paran yon elèv lekòl segondè, ou jwe yon wòl trè enpòtan nan ede pitit ou a prepare pou lavni li.

Planifikasyon tranzisyon se pwosesis lekòl yo itilize pou ede elèv ki gen andikap ak fanmi yo pandan yo ap planifye pou lavni yo apre lekòl segondè. Sèvis lekòl yo disponib pou pitit ou a jouk nan fen ane akademik lan kote li vin gen 21 lane, oswa jiskaske pitit ou diplome avèk yon diplòm Regents oswa yon lokal. Nou ankouraje oumenm ak pitit ou pou w itilize tou sèvis sa yo.

Ou menm ak pitit ou a gen chans pou diskite sou planifikasyon tranzisyon nan tout reyinyon Komite an sou Edikasyon espesyal (CSE). Ou menm ak pitit ou a gen chans pou diskite sou planifikasyon tranzisyon nan tout reyinyon Komite sou Edikasyon espesyal (CSE). Plan tranzisyon pitit ou a dwe efektif pa laj 15 (8 NYCRR 200.4 (d) (2) (ix)), men li ka kòmanse tou pi bonè. Pwosesis planifikasyon an gen plis siksè lè li enkli tou de oumenm ak pitit ou.

Si pitit ou a gen yon andikap devlopmanal, ou ka vle aprann enfòmasyon sou Biwo Sèvis Leta New York pou Moun ki Gen Andikap Devlopmanal (OPWDD). OPWDD bay anpil sèvis, tankou sipò nan kay, sipò nan kominote a, ak fòmasyon travay. Tout sipò sa yo ka ede yon elèv ki gen yon andikap devlopmanal pase avèk siksè de lekòl a lavi granmoun li. Pou aprann plis sou OPWDD, oumenm ak pitit ou a ka ale nan yon Sesyon Enfòmasyon Pòt Antre OPWDD. Pou plis enfòmasyon sou sesyon enfòmasyon yo epi pou jwenn yon kopi ekzanplè Ti Liv Resous pou aksè a sèvis *patikilye ak fanmi*, ale sou <http://www.opwdd.ny.gov/get-started>.

Si ou panse avni pitit ou a ta ka gen ladan sipò ak sèvis ke OPWDD bay, li enpòtan anpil pou ou pou w kontakte nou pi bonè posib. Kontakte OPWDD kounye a ap ede nou pare pou bezwen avni pitit ou a. Si ou ta renmen distri lekòl la envite yon reprezantan ajans pou patisipe nan planifikasyon tranzisyon pou pitit ou a, ou pral bezwen siyen yon fòm lib divilgasyon konfidansyalite (ke Lwa Federal Sou Edikasyon Moun ki Andikape ak Règleman Eta New York ekzije) epi mande lekòl ou envite reprezantan ajans lan.

Nou vle asire ke pitit ou a resevwa pi bon sipò ki disponib. Nou espere travay avèk oumenm ak pitit ou pandan ou fè yon plan tranzisyon pou yon avni siksè pou pitit ou.

Sensèman,

Theodore Kastner, MD, MS
Komisyonè pa enterim

Biwo Egzekitif